# МИЙНЕТ ПЕНЕН ДҮЗЕТИЎ ЖУМЫСЛАРЫ ТҮСИНИГИ ҲӘМ ОНЫҢ ОРЫНЛАНЫЎЫ

**Калбаева Эльдора Узақбаевна**
*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети Юридика факультети 2-курс студенти*

**Аннотация**: *мақалада судланған шахсларға қолланылатуғын мийнет пенен дүзетиў жумыслары жазасы түсиниги, өзине тән өзгешелиги, оның орынланыўы ҳәм халықаралық тәжирийбе тийкарлыры ашып берилген.*

**Гилт сөзлер:** *демократиялық-ҳуқықый мәмлекет, Ҳәрекетлер стратегиясы, Пробация институты, шәртли ҳүким, психиятриялық ямаса физиологиялық емелениў.*

Өзбекстан Республикасы ғәрезсизликке ерискенинен соң, демократиялық-ҳуқықый мәмлкекет, раўажланған пуқаралық жәмийет қурыў жолын таңлап, бул ийгиликли мақсетке ерисиў жолында бир қанша реформалар әмелге асырмақта. Президентимиз Ш.М.Мирзиёев 2017-жылы 7-февралда қабыл етилген ПФ–4947-санлы “Өзбекстан Республикасын жәнеде раўажландырыў бойынша Ҳәрекетлер стратегиясы ҳаққында”ғы Пәрманында нызам үстинлигин тәмийинлеў ҳәм суд-ҳуқық системасын жәнеде реформалаў - жәмийетти раўажландырыўдың үстин жөнелислеринен бири сыпатында белгиланиўи де бул реформалардың бири есапланады [1].

Өзбекстан Республикасының 1994-жылы 22-сентябрде қабыл етилген әмелдеги Жынаят кодексинде жынаят ислеўде айыплы деп табылған шахсқа қолланылатуғын жаза түрлериниң бири болған - мийнет пенен дүзетиў жумыслары ҳәм оның орынланыўы ҳаққында анық белгиленген.

Мийнет пенен дүзетиў жумыслары – бул шахстың ис ҳақысының он пайыздан отыз пайызға дейинги муғдарын мәмлекет дәраматы есабына услап қалған ҳалда оны мийнетке мәжбүрий тартыўдан ибарат жаза түри болып табылады.

Мийнет пенен дүзетиў жумыслары алты айдан үш жылға дейинги мүддетке белгиленеди [2].

Бул жаза тийкарғы жаза түри есапланады. Ол тек Жынаят кодекси арнаўлы бөлиминиң тийисли статьясының санкциясында нәзерде тутылған жағдайларда қолланылады. Сондай-ақ, мийнет пенен дүзетиў жумыслары төмендеги жағдайларда да қолланылыўы мүмкин:

- Айыпкер жәрийма жазасын орынлаўдан бас тартқан жағдайда, жазаның орынланбаған бөлеги Жынаят кодексиниң 44-статьясына муўапық мийнет пенен дүзетиў жумысларына алмастырылғанда;
- Жынаят кодексиниң 57-статьясына муўапық, жеңилирек жаза тайынланғанда қолланылыўы мүмкин;

•Жынаят кодексиниң 74-статьясына муўапық, еркинен айырыў жазасының өтелмеген бөлегин жеңилирек түрдеги жаза менен алмастырылғанда қолланылады.

Мийнет пенен дүзетиў жумыслары жазасы өзинде инсаныйлық принципин көрсетеди. Судланыўшыға бул жазаны қолланыў арқалы ол шахсты еркинен айырылмайды, өзиниң шаңарағында, үйинен қол үзбестан өзи бурын ислеген мәкемеде (кәрханада, шөлкемде) ислейди [3]. Бул жазаны қолланыў арқалы судланыўшыға материаллық тәсир көрсетиледи, яғный айыпкер хызмет ҳақының белгили бир бөлегин мәмлекеттиң пайдасына өткереди. Усы арқалы мийнет пенен дүзетиў жумысларының судланыўшының бурынғы өзи ислеген ямаса басқа шөлкемде мәжбүрий мийнет етиўи (жазаны өтеў ўақтында судланыўшының мийнет етиўи мәжбүрий есапланады) яки жоқарыда атап көрсетилгениндей материяллық тәсир оның хызмет ҳақысының белгили бир бөлеги мәмлекеттиң пайдасына услап қалыныўы жазалаў сыпатында көринеди.

Ғәрезсиз Мәмлекетлер Дослық Ауқамы мәмлекетлериниң жынаят нызамшылығында мийнет пенен дүзетиў жумыслары жазасының аты, мәниси бирдей тәризде белгиленген болса да, бирақ, тайынланатуғын шахслар шеңбери, судланған шахсқа белгиленген шеклеўлер ҳәм басқа тәреплери менен бир-биринен парықланады.

Атап айтқанда, Россия Федерациясы [4], Әзербайжан [5], Казақстан [6], Қырғызыстан [7] сыяқлы мәмлекетлер жынаят нызамшылығында мийнет пенен дүзетиў жумыслары жазасын қоллаў нәтийжесинде 5 проценттен 20 процентке шекем судланған шахстың табысынан мәмлекет пайдасына услап қалынатуғын пул муғдары нәзерде тутылған болса, Украина [8] жынаят нызамшылығында 10 процентинен 20 процентине шекем, Беларусия [9] жынаят нызамшылығында 10 процентинен 25 процентине шекем белгиленген.

Мийнет пенен дүзетиў жумыслары судланыўшының өз жумыс орнында жазасын өтеўин, оның бурынғы лаўазымында қалыўын аңлатпайды. Айырым жағдайларда исленген жынаятлар лаўазымлық ўәкиллигине байланыслы болады. Бундай жағдайда шахс өз жумыс орнында басқа ўазыйпаға өткерилиўи тийис. Бунда жазаны судланыўшы өзи ислеген жумыс орнында өтеўиниң өзи әҳмийетли болады.

Жынаят нызамында мийнет пенен дүзетиў жумысларының еки түри көрсетилген:

1) судланыўшы жазаны өзи ислейтуғын орнында өтейди;

2) жазаны жазаның орынланыўын қадағалаўшы орган белгилеп берген орында өтейди [10].

Жазаның қайсы түрин өтеў тийислигин суд белгилейди.

Судланыўшының өз жумыс орны дегенде, тек оның мийнет шәртнамасы тийкарында ислеп атырған жумысы ғана емес, сондай-ақ ғәрезсиз түрде әмелге асыратуғын жумысы да (мәселен, исбилерменлик жумысы) түсиниледи. Қағыйда бойынша турақлы хызметтеги шахсқа мийнет пенен дүзетиў жумысын өзи ислейтуғын орында өтеў белгиленеди. Судланыўшыны тәрбиялаў көз қарасынан жазаны өзи ислейтуғын орнында белгилеў мақсетке муўапық болады. Себеби судланыўшы жазаны оны жақсы билетуғын жәмийеттиң қадағалаўы астында өтейди. Жазаны орынлаў орны

Өзбекистан Республикасы Мийнет кодекси қолланатуғын ҳәр қыйлы меншик түриндеги кәрхана, мәкеме ҳәм шөлкемлер сондай-ақ, басқа нормативлик ҳүжжетлерге тийкарланып тәртиплестирилетуғын кәрханалар, мекемелер ҳәм шөлкемлер болыўы мүмкин.

Мийнет пенен дүзетиў жумысын улыўма тийкарларда өтеў тәртиби ҳүким шығарыў ўақтында ҳеш жерде ислемейтуғын ямаса турақлы жумыс орны болмаған шахсларға яки мәўсимлик жумысларда ислейтуғын шахсларға, сондай-ақ, турақлы жумыс орны болса да, бирақ жумыс барысында өзин жаман көрсеткен шахсларға белгиленеди.

Мийнет пенен дүзетиўге ҳүким етилгенлерден суд белгилеген муғдарда жазаны өтеў мүддети даўамында ҳәр айда тийкарғы жумыс орнындағы хызмет ҳақысынан усланады. Хызмет ҳақы сыпатында тек мийнет нәтийжесинде алынған хызмет ҳақы ғана емес, сондай-ақ исбилерменлик жумысы нәтийжесинде алынған дәрамат, стипендия, грант ҳәм басқалар түсиниледи. Мәмлекеттиң пайдасына пенсия, социаллық жәрдем сыпатында алынатуғын төлем, социаллық қамсызландырыў ҳәм басқа да хызмет ҳақыға кирмейтуғын төлемлер услап қалынбайды.

Егер шахс суд тәрепинен тайынланған мийнет пенен дүзетиў жумыслары мүддетиниң жәми оннан бир бөлегинен көбирегин өтеўден бас тартса, суд мийнет пенен дүзетиў жумысларының өтелмеген бөлегин усы мүддетке еркинлигин шеклеў яки еркинен айырыў жазасы менен алмастырады.

Мийнет пенен дүзетиў жумыслары пенсия жасына жеткенлерге, мийнетке жарамсыз болғанларға, ҳәмиледар ҳаялларға, үш жасқа толмаған баллары бар ҳаялларға ҳәм әскерий хызметкерлерге қолланылмайды [11].

Егер суд айырым айтарлықтай себеплерге бола, жазаны судланыўшы ислейтуғын орында өтеўди мақсетке муўапық деп таппаса, буның тийкарларын ҳүкимде көрсетип, жазаның орынланыўын қадағалаўшы органның белгилеўи менен улыўма тийкарларда өтеўин көрсетиўи мүмкин.

Егер шахс суд тәрепинен тайынланған мийнет пенен дүзетиў жумысларыны мүддетиниң жәми оннан бир бөлегинен көбирегин өтеўден бас тартса, суд мийнет пенен дүзетиў жумысларының өтелмеген мүддетин тап сондай мүддетке еркин шеклеў яки еркинен айырыў түриндеги жаза менен алмастырады. Жазаны өтеўден бас тартқан ўақыт жазаның өтелген мүддетине қосып есапланбайды.

Мийнет пенен дүзетиў жумыслары жазаны өтеў ўақтында судланған шахс мийнетке жарамсыз болып қалса ямаса пенсия жасына жеткен болса, соның менен бирге ҳәмиледарлық ҳәм туўыў демалысына шықса, Пробатсия хызметиниң усыныснамасына көре суд тәрепинен ЖКның 75-статясына тийкарланып жазаны өтеўден пүткиллей азат етиледи [12].

Жоқарыдағылардан жуўмақлап айтатуғын болсақ, мийнет пенен дүзетиў ҳәм басқа еркинен айырыў менен байланыслы болмаған жаза шараларын қоллаў, судланыўшыларды мийнет пенен дүзетиўдиң ең нәтийжели усылларынан бири болып,

бунда судланған шахс жәмийеттен ажыралмаған ҳалда мәжбүрий мийнетке тартыў арқалы алдыңғы жумыс орнында ҳәм турақлы жасаў орнында мийнет жәмәәти менен байланысларын сақлап ғана қалмай, бәлким олар жәрдеминде тәрбиялық тәрептен дүзеледи. Бул болса, мәмлекетимизде ҳәм басқа бир қатар раўажланған мәмлекетлерде жынайый жазаларды либералластырыў арқалы судланған шахсларды жәмийеттен ажыратпаған ҳалда тәрбиялаўдан ибарат. Себеби, ҳәр дайым шахстың хуқық ҳәм еркинликлери, нызамлы мәплери ҳәм оларды тәмийинлеў - eң жоқары қәдирият болып табылады!

**ПАЙДАЛАНЫЛҒАН ӘДЕБИЯТЛАР:**

1. Ўзбекистон Республикаси Президентининг Ўзбекистон Республикасини янада ривожлантириш бўйича Ҳаракатлар стратегияси тўғрисида» ги Фармони 2017 йил 7 февраль, ПФ-4947-сон (Ўзбекистон Республикаси қонун ҳужжатлари тўплами, 2017 й., 6-сон)

2. 13. Ўзбекистон Республикасининг Жиноят кодекси // URL:https://lex.uz/docs/111453

3. Ўзбекистон Республикасининг Жиноят кодексига шарҳ (Қайта ишланган ва тўлдирилган иккинчи нашр. 2021 йил 1 ноябргача бўлган ўзгартириш ва қўшимчалар билан) умумий қисм // М.Рустамбоев. –Тошкент: «Yuridik adabiyotlar publish», 2021, –Б. 438.

4. Уголовный кодекс Российской Федерации// URL: http://www.consultant.ru/document/cons_doc_LAW_10699/fd830e7cf3c0e1074ca35a580314701483ff611a/

5. Уголовный кодекс Азербайджанской Республики // URL:http://continentonline.com/Document/?doc_id=32718499#pos = 0;0

6. Уголовный кодекс Республики Казахстан // URL:https:// zakon.uchet.kz/rus/docs/K1400000226

7. Уголовный кодекс Кыргызской Республики // URL: http://cbd.minjust.gov.kg/act/view/ru-ru/111527

8. Уголовный кодекс Украины // URL:https://meget.kiev.ua/kodeks/ ugolovniy-kodeks

9. Уголовный кодекс Республики Беларусь // URL:https:// online.zakon.kz/document/?doc_id=30414984

10. 11. Ўзбекистон Республикаси Вазирлар Маҳкамасининг 2012 йил 18 октабрдаги “Өриндошлик асосида ҳамда бир неча касбда ва лавозимда ишлаш тартиби тўғрисидаги низомини тасдиқлаш ҳақида”ги 297-сон қарори // URL:https://lex.uz/docs/2070161

11. Ўзбекистон Республикаси Олий суди Пленумининг 2006 йил 3 февральдаги “Судлар томонидан жиноят учун жазо тайинлаш амалиёти тўғрисида"ги 1-сон қарори http://URL:https://lex.uz/docs/1455976

12. Халилов Д., Амиров Б. Пробация хизматининг озодликдан маҳрум этиш билан боғлик бўлмаган жазоларни ижро этишдаги хукук ва мажбуриятлари //Наука и технология в современном мире. – 2022. – Т. 1. – №. 7. – С. 144-162